



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMARAJ PWOJÈ DEVLOPMAN PLIZYÈ IZAJ 18 MILYON DOLA NAN ANBA LAVIL NIAGARA FALLS

Konstriksyon ofisyèl Otèl Cambria 120 chanm nan Niagara Falls ap de pa ak Pak Eta Chit Niagara a ki selèb mondyalman

Gade reprezantasyon Otèl Cambria nan Niagara Falls [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te poze baz Otèl Cambria a nan Niagara Falls, yon pati nan pwojè devlopman plizyè izaj pou plis pase 18 milyon dola. Mak otèl wo gam sèt etaj, 120 chanm lan, k ap sitiye sou Boulva Rainbow la, ap genyen ladan l tou twa nouvo imèb rezidansyèl sou Buffalo Avenue epi yo prevwa ouvri nan sezon prentan 2023. Otèl Cambria a nan Niagara Falls ap devlope pa Plati Niagara Inc., ki posede tou yon Wingate gwoup Wyndham nan Niagara Falls.

"Niagara Falls se youn nan destinasyon touristik ki pi vizite nan New York epi pandan n ap rekonstui ekonomi nou an, nou dwe kapitalize sou tout sa vil la genyen pou ofri," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak konstriksyon Otèl Cambria ki ankou a, vizitè toupatou nan mond lan ap byen vini nan pa lontan nan vil istorik sa ak yon bèl nouvo plas pou rete epi ki gen aksè dirèk nan lanati ak bote natirèl ki fè Niagara Falls yon pèl ra nan nò eta New York."

Otèl la, ki sitiye nan 311 Rainbow Boulevard nan anba lavil Niagara Falls, New York, ap de pa sèlman de Pak Eta Niagara Falls ki selèb mondyalman an, ki akeyi 9 milyon vizitè chak ane. Envite yo ap kapab pwofite de atraksyon popilè ki pèmèt vizitè yo pi pre Chit yo, ke yo desann nan Gòj Niagara a nan Kav Van yo oswa lè yo vizite Santral Elektrik Robert Moses Niagara ki toupre a pou obsève kijan Chit yo sèvi kòm yon sous enèji idwoelektrik. Yo ka pwomne tou sou Old Falls Street ak Third Street pou vizite magazen ak restoran yo.

Vis Prezidan Prensipal, Mak Wo gam, Choice Hotels Janis Cannon te deklare, "Nou angaje pou pote mak Otèl Cambria nan destinasyon vizitè yo pi renmen yo, epi mwen pa ka imajine yon pi bon kote pou fè sa ke nan Niagara Falls eksepsyonèl la. Otèl Cambria Niagara Falls la pa sèlman mete vizitè yo nan papòt chit dlo majestyè a, men lokasyon santral li a toupre magazen ak restoran anba lavil yo fè DE otèl la kote pafè pou eksperimante pati eksepsyonèl sa nan peyi a."

Ko-Pwopriyetè Plati Niagara Inc. Frank Strangio te deklare, "Fanmi Strangio a kontan anpil pou baz pwochen pwojè otèl nou an ki poze nan vil natal nou nan Niagara Falls, NY USA. Papa mwen Antonio, frè Anthony ak mwen menm te toujou gen gwo lafwa nan avni vil Niagara Falls epi nou te kwè anpil nan potansyèl kwasans li. Sa espesyalman gratifyan pou kapab kòmanse travay ankò apre youn nan moman ki pi difisil nan listwa peyi nou an. Nou espere ke pwojè sa se yon siy ke n ap vanse pi devan epi kite pandemi an dèyè epi ke sa ka ensite plis kwasans ekonomik nan rejyon nou an. Nou kwè ke pwojè inik plizyè izaj sa ap pote transfòmasyon nan distri touristik anba lavil nou an. Pwojè a pa t ap pote fui san gran lidèchip ak sipò nan nivo vil, konte ak eta a, moun eksepsyonèl nan Choice Hotels International ak Bank nan Buffalo epi espesyalman fanmi, zanmi ak pèsonèl nou an!"

Otèl Cambria Niagara Falls ap prezante enstalasyon wo gam ki atire vwayajè modèn, ki enkli:

- Espas andedan ak deyò pou travay pwodiktif ak relaksasyon.
- Konsepsyon ak dekorasyon ki enspire lokalman, k ap reflekte pèsonalite inik zòn ki antoure a.
- Sal vizitè kontanporan epi sofistike, ki konplete ak desen ki gen enstalasyon limyè, ekleraj abondan ak kabann ki soup.
- Saldeben imèsiv nan estil spa ki gen miwa Bluetooth.
- Ba ak restoran ki prezante manje ki fèk fèt, byè atizanal lokal nan an tiyo, ven, ak kòktèl espesyalite, ansanm ak opsyon pou anpòte.
- Espas rankont ak evènman plizyè fonksyon.
- Sant fitnès modèn.

Pwojè sa ap ajoute tou twa apatman (ke y ap vann kòm espas vakans) k ap konplete karaktè istorik Distri Eritaj Buffalo Avenue a. USA Niagara Development Corporation (USAN), yon filyal Empire State Development (ESD), ap fasilite pwojè ki prezève epi/oswa enplike ranplisaj sou tout Buffalo Avenue an, ki sitiye nan pati nò Rivyè Niagara a toupres pòsyon "Riverway" Pak Eta a. Apatman yo ap retabli yon blòk rezidansyèl nan Buffalo Avenue an ant Third ak Fourth street, kote se sèl yon estrikti rezidansyèl ki rete kounye a. Inite a sitiye tou sou 305 Buffalo Avenue, yon pòsyon ke Eta New York te achte nan kad Pwogram Akizisyon Teren Estratejik (Strategic Land Acquisition Program) li a, kote yon nouvo santye/eskalye koneksyon pou ale nan rivyè a te ouvè nan prentan 2021 an.

USAN ap angaje 1.7 milyon dola nan pwojè sa, konfòm ak apwobasyon Konsèy Direksyon USAN lan apre finisyon pwojè a.

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Touris se te twazyèm pi gwo sektè New York anvan pandemi an, epi ESD ap travay di pou asire sa retounen. Nouvo Otèl Cambria Niagara Falls la, ki te devlope pa fanmi Strangio, ap akeyi vizitè toupatou nan mond lan nan yon mèvèy natirèl ikonik, pandan l ap revigore yon twonson enpòtan nan distri rezidansyèl istorik Buffalo Avenue an."

Majistra Vil Niagara Falls lan Robert Restaino te deklare, "Nou kontan anpil pou wè investisman ap kontinye nan kè anba lavil nou an. Angajman kontini fanmi Strangio a nan Vil kominote biznis Vil Niagara Falls la se yon deklarasyon solid de devouman fanmi lokal sa nan vil nou an, nou sètènman apresye konfyans k ap kontinye yo nan kominote nou an. Anplis, nou apresye sipò Gouvènè Hochul pou pwojè sa epi nou pa ka tann pou gran ouvèti Otèl Cambria a."

Senatè Eta a Robert Ortt te deklare, "Rejyon nou an beni pou genyen youn nan mèvyè natirèl mond lan ki sitiye nan lakou lakay nou, epi li primòdyal pou nou kapab kapitalize sou gwo kantite vizitè nan zòn nou an ke atraksyon sa pote," Sen Ortt te deklare. "Lè nou investi nan yon pwojè plizyè izaj tankou Otèl Cambria Niagara Falls la, nou p ap sèlman bay nouvo opsyon lojman epi ki pasyonan pou touris yo men pou rezidan yo tou k ap viv epi travay nan kominote nou an. Eta New York ap kontinye montre angajman li pou rejeni ekonomi Niagara Falls nou an epi enjekte nouvo lavi nan kominote biznis lokal nou an."

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, "Nou akeyi vizitè yo pou tounen nan bèl Niagara Falls nou an. Ak demaraj Otèl Cambria Niagara Falls la, yon lòt otèl wo gam ap ajoute nan kèk pa Chit yo, k ap rann li pi fasil pou rejyon an montre bote li bay vizitè yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, USAN ak fanmi Strangio paske yo sipòte pwojè sa, espesyalman paske pwojè a ap ajoute twa imèv k ap konplete Distri Eritaj Buffalo Avenue a."

Depi 2011, Eta New York te investi plis pase 315 milyon dola nan Vil Niagara Falls nan yon efò konekte pou reyalize epi devlope benefis ekonomik ak vizit chak ane. Investisman yo enkli: modènizasyon Pak Eta Niagara Falls; efò revitalizasyon ki enkli uit nouvo otèl ak restorasyon Old Falls Street, ak amelyorasyon peyizaj sou lòt ri nan anba lavil yo, ak pwogram akizasyon ki mansyone anwo a pou fasilite devlopman plizyè izaj. Anplis, eta a te konplete retrè senk kilomèt nan ansyen Pak Robert Moses k ap pote transfòmasyon an, k ap kreye yon espas vè 67 ekta tou dwat, ki konplètman aksesib sou Anlè Rivyè Niagara ak Gòj Niagara a. Yo te deziyen Nò Ri Prensipal la tou yon gayan Inisyativ Revitalizasyon Anba Labil (Downtown Revitalization Initiative) Eta NY epi l ap ekspwate Pak yo retire a ak investisman nan Sant Eritaj Wout Anba Tè ak Estasyon Tren Chit Niagara a pou rekreye yon distri biznis solid ki rekonekte ak Gòj Niagara a.

Enfòmasyon sou Cambria Hotels®

Otèl Cambria a fèt pou vwayajè modèn, ki ofri vizitè yo yon eksperyans distenk, ak endiljans ki senp epi san kilpabilite k ap pèmèt yo pran swen tèt yo pandan yo nan wout. Pwpriyete yo prezante desen ki enspire pa plas, sal ki espasye epi agreyab, sal rankont fleksib, ak manje lokal ki fèk prepare ak byè atizanal. Otèl Cambria ap devlope nan gwo vil Ameriken yo, ak otèl ki ouvè nan Chigago, Los Angeles, New York, Pittsburgh, ak Washington, D.C. Gen plis pase 130 pwopriyete Cambria ki ouvè nan liy lan atravè Etazini ak prèsske 60 ki ouvè aktyèlman. Pou aprann plis, vizite www.choicehotels.com/cambria.

Enfòmasyon sou Choice Hotels®

Choice Hotels International, Inc. (NYSE: CHH) se youn nan pi gwo franchiz ebèjman nan mond lan. Avèk plis pase 7,100 otèl ki reprezante plis pase 600,000 sal, nan apeprè 40 peyi ak tèritwa nan dat 30 septanm 2021, mak fanmi otèl Choice® la bay vwayajè biznis ak lwazi yo yon gam opsyon lojman wo kalite soti nan otèl sèvis limite rive nan otèl sèvis konplè, nan segman wo gam, gam mwayen, ak sejou ekonomik pwolonje. Pwogram fidelite Choice Privileges® la ofri manm yo benefis ki varye ant pri chak jou rive nan eksperyans eksepsyonèl. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite www.choicehotels.com.

Enfòmasyon sou Plati Niagara Inc.

Plati Niagara Inc. se yon konpayi devlopman ke ganmi Strangio posede, ki enkli otelye ansyen militè Antonio, Frank ak Anthony Strangio. Fanmi Strangio a gen yon rekò solid nan mache ospitalite a nan Niagara Falls, epi yo dirije aktyèlman Wingate gwoup Wyndham ak Quality Inn nan vil la. Avèk prèske 30 lane eksperyans nan sektè ospitalite a, fanmi Strangio a enplike anpil nan kominote lokal la epi yo fyè de Niagara Falls, vil natal yo, epi yo fyè pou fèpati redemaraj vil la.

Enfòmasyon sou Devlopman Kòporasyon Niagara USA (USA Niagara Development Corporation)

USAN, yon sikisal Empire State Development, la sèlman pou l sipòte ak fè pwomosyon inisyativ devlopman ekonomik nan Niagara Falls grasa mobilizasyon envestisman prive ak ankourajman kwasans ak renouvèlman sektè touris la nan Vil Niagara Falls. Pou plis enfòmasyon, vizite: <https://esd.ny.gov/usa-niagara-development-corporation-6>.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)